



Jidisyè Nyoudjèze

Dokimantasyon Deskriptif (R. 5:4-2(h)) Divòs oswa Disolisyon Altènatif pou Rezolisyon Konfli olye de Litij Tradisyonèl

Descriptive Material (R. 5:4-2(h)) - Divorce or Dissolution - Dispute Resolution Alternatives to Conventional Litigation (Haitian Creole)

Rezoud tout koze konsènan divòs oswa disolisyon kab koute chè ak difisil. W ap resevwa dokiman sa a paske ou se youn nan pati nan yon divòs oswa koze disolisyon (FM dosye). Tout ka ki prezante sou dosye FM la enkli: divòs de yon mariaj, disolisyon yon mariaj sivil, mete fen a yon patenarya domestik ak anilasyon. Sel yon jij kab akòde yon divòs oswa yon disolisyon yon relasyon. Ou kab bezwen adrese tou kesyon swivan sa yo: separasyon byen ak tout dèt, pansyon alimantè, pansyon alimantè pou timoun, gadyen timoun ak tan pou konsakre ba timoun. Yon jij kab decide tout kesyon sa yon nan yon pwosè. Mèzalò, genyen lòt metòd pou rezoud koze sa yo. Metòd sa yo kab pi efikas, mwen chè, ofri plis entimite, ak takab redwi nivo konfli ant ou ak lòt pati a pandan dosye ka ki nan tribinal la. Yo ankouraje ou pou pale de rezolisyon altènatif ansanm ak avoka w.

Sa ki swiv anba a se yon ti deskripsyon tou kout de tout lòt metòd ou ta kab itilize pou ede w rezoud dosye w an.

Medyasyon¹

Medyasyon se yon fason pou rezoud tout diferans ou yo ak asistans yon tyès pèsòn ki endepandan epi ki gen fòmasyon pou sa. Toude pati yo, ak ou san avoka yo, prezante ansanm devan yon medyatè nan yon anbyans san pati pri. Yon medyatè pa reprezante ni yon pati ni lòt, epi li pa bay konsèy legal. Toude pati ankouraje pou yo angaje sèvis avoka pou yo ranseye yo sou tout dwa yo pandan pwosesis medyasyon a. Medyatè ap ede toude pati yo idantifye tout kesyon yo, rekeyi enfòmasyon yo bezwen pou yo kab pran desizyon byen reflechi, ak kominike pou yo ka jwenn yon solisyon akseptab pa toude pati. Medyasyon konsevwa pou asiste ranje dosye ka ki nan tribinal san fòmalitye, ak kolaborasyon. Tribinal la gen yon lis medyatè ki apwouve oswa lis medyatè prive ki pa sou lis tribinal la men ki bay sèvis tou. Jij la va pran desizyon definitiv la si pou li akòde ou pa divòs la oswa disolisyon an.

Abitraj

Si se abitraj yo chwazi, toude pati yo ap renonse a dwa yo pou tribinal la decide sou tout kesyon ke abitraj a va rezoud. Nan pwosesis sa a, yon tyès pati endepandan a va decide tout kesyon sou dosye a. Pati yo a va chwazi ak angaje abit la ak mete yo dakò sou ki kesyon pou abit la decide. Desizyon abit la definitiv epi li obligatwa. Byen ke yon abit kab decide sèten kesyon, se jij la ka va pran desizyon definitiv la pou akòde ou pa divòs la oswa disolisyon an.

Pwosesis Jiridik Kolabore

Pwosesis jiridik kolabore a pèmèt toude pati yo ki reprezante pa avoka yo travay ansanm pou rezoud dispit yo san patisipasyon tribinal la. Toude pati ansanm ak avoka yo reyini epi, si nesesè, yo konsilte save yo ki pa avoka men ki se pwofesyonèl nan matyè a. Save sa yo kab genyen ladann yo planifikatè finansye agreye, kontab agreye, asistan sosyal klinik kalifye, psikològ, konseye pwofesyonèl kalifye, terapè pou mariaj ak fanmi kalifye, ak psikiyat. Tout sa kap patisipe yo konprann epi dakò tou ke pwosesis sa a genyen pou bi ranplase pwosesis tradisyonèl pou divòs ak disolisyon yo. Tout pati yo konprann tou ke pwosesis jiridik kolabore a va fini dimoman youn nan pati yo prezante demann de divòs

¹ Politik tribinal la kont medyasyon tout koze kote genyen lòd entèdiksyon tanporè oswa yon lòd entèdiksyon definitif ki fin siyen dapre Lwa Prevansyon Vyolans Adomisil ap rete an vigè septanm 1.

oswa disolasyon fòmèl. Osito pwosesis jiridik kolabore a fini, yo pap pèmèt pati yo angaje okenn nan avoka yo oswa kabinè avoka ki te reprezante yo nan pwosesis la pou swa divès oubyen disolasyon.

Itilizasyon Pwofesyonèl

Antan ke oubyen an plis de tout metòd ki dekri anlè a, toude pati nan yon divès oswa disolasyon kab chache èd nan men yon pwofesyonèl ki kale nan koze a pou ede yo rezoud tout kesyon yo. Pwofesyonèl sa yo kab ede pati yo rezoud tout oswa sèten nan koze ka a. Byen ke estrateji sa a kab rezoud kèk kesyon, se jij la ka va pran desizyon definitif la pou akòde ou non yon divès oswa disolasyon a.

Konbinezon Altènatif

Selon sikonstans ou yo, li ta kab itil pou w itilize yon konbinezon medyasyon, arbitraj, pwosesis jiridik kolabore ak/oswa pwofesyonèl pou rezoud tout kesyon konsènan divès ou oswa disolasyon a.

Konklizyon

Menm jan chak relasyon se yon bagay apa, chak divès oswa disolasyon se yon bagay apa tou. Sikonstans espesifik ka w an va detèmine ki metòd kab pi byen sèvi w pou rezoud koze ou yo. Yo ankouraje w pou mande avoka w osijè de medyasyon, arbitraj, pwosesis jiridik kolabore oswa sèvis pwofesyonèl yo ki takab ede w rezoud tout kesyon konsènan divès oswa disolasyon ou an.